

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang

Basa dipaké ku masarakatna dina rupa-rupa tempat jeung situasi. Dina waktuna dipaké, basa Sunda téh teu hirup sorangan, tapi pagilinggisik jeung basa séjénna, boh basa Indonésia atawa basa asing. Ari sababna, panyatur basa Sunda dina hirupna, ngayakeun kontak jeung panyatur basa Indonésia atawa basa asing. Balukarna antara basa Sunda jeung basa Indonésia muncul campur kode. Munculna campur kode téh jaba ti kontak antara panyatur basa, ogé aya kamajuan jaman jeung globalisasi. Éta dua hal aya pangaruhna kana basa Sunda. Utamana dina kandaga kecap, boh pangaruh positif, boh pangaruh négatif.

Ayana campur kode dina basa Sunda mémang teu bisa disingkahan, tapi bisa dikurangan. Ari carana nyaéta panyatur tetep maké kecap-kecap basa Sunda dina kahirupan sapopoé. Dina émprona teu aya kecap-kecap basa Sunda, bisa waé make kecap-kecap tina basa Séjén. Ku cara kitu, basa Sunda bakal tetep hirup, cara séjénna nyaéta lamun dipaké dina kahirupan sapopoé ngaliwatan pangajaran di sakola.

Pangajaran basa Sunda di sakola boga tujuan sangkan siswa mibanda kaweruh kana basa Sunda, parigel maké basa Sunda, jeung sikep anu hadé kana basa Sunda. Basa Sunda diajarkeun ti mimiti SD/MI, SMP/MTs, nepi ka SMA/SMK/MA/MAK. Tujuan diajar parigel maké basa Sunda, nyoko kana opat kaparigelan, nyaéta ngaregepkeun, maca, nyarita, jeung nulis. Nulis sipatna produktif, kaasup nyieun karangan pangalaman pribadi. Karangan pangalaman pribadi ayana di kelas VII jenjang SMP/MTs. Tapi dina kanyataanna, siswa miboga bangbaluh pikeun nyieun karangan pangalaman pribadi, nyaéta ngeunaan kandaga kecap nu dipaké. Loba siswa nu ngarasa hésé nepikeun naon baé nu geus aya dina pikiranna, pikeun dikedalkeun kana wangun karangan. Ari sababna, kurangna mikawanoh kosa kecap basa Sunda.

Dina prak-prakan nyieun karangan pangalaman pribadi, basa Sunda kapangaruhan ku basa séjén, nyaéta basa Indonésia atawa basa asing, akibatna, muncul campur kode. Campur kode mimitina muncul tina basa lisan, tuluy kana

Sinta Dewi, 2018

*CAMPUR KODE DINA KARANGAN PANGALAMAN PRIBADI SISWA  
KELAS VII SMPN 3 BANDUNG*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

basa tinulis. Campur kode dina wangun tinulis, bisa katitén tina wangun karangan, pikeun ngébréhkeun pikiran nu nulisna, kaasup dina karangan nu dijieun ku siwa nyaéta karangan pangalaman pribadi. Ku kituna, dipiharep siswa bisa nyieun karangan pangalaman pribadi boh dina basa Sunda, boh basa séjén.

Campur kode dina karangan pangalaman pribadi siswa masih perlu ditalungtik. Ari sababna, teu saeutik siswa anu nulis karangan nyampurkeun kecap-kecap basa Sunda jeung basa Indonésia. Lamun hal éta diantep, bakal ngabalukarkeun ruksakna basa Sunda. Ku kituna, perlu panalungtikan anu husus ngeunaan campur kode. Mémang geus aya panalungtikan saméméhna, diantaranya waé nyaéta “*Campur Kode dina Siaran Béntang Parahyangan Bandung TV*” (Nisa Siti Zakiyah, 2010), dina ieu panalungtikan medar wanda campur kode jeung wujud campur kode anu kapanggih dina Béntang parahyangan Bandung TV édisi Oktober 2013, “*Campur Kode dina Karangan Éksposisi Siswa Kelas VII SMPN 45 Bandung Taun Ajaran 2015/2016*” (Siti Maesaroh, 2016), dina ieu panalungtikan medar wanda campur kode, wangun campur kode jeung faktor nu ngabalukarkeun campur kode, “*Campur Kode dina Carpon Karangan Siswa Kelas X IPA 4 SMAN 9 Bandung Taun Ajaran 2015/2016*” (Dea Wulandari, 2016) dina ieu panalungtikan medar wanda campur kode, wujud campur kode jeung faktor naon baé nu mangaruhan lumangsungna campur kode.. *Campur Kode Dina Nulis Karangan éséy Siswa Kelas XII SMP Negeri 15 Bandung Taun Ajaran 2012/2013* (Nanang Suhendar, 2013).

Ieu panalungtikan ogé masih tetep nganalisis jeung medar campur kode, ngan pédah objékna karangan pangalaman pribadi siswa. Naha karangan pangalaman pribadi siswa? lantaran, karangan pangalaman pribadi leuwih réa ngagambarkeun pangalaman hirup siswa, nepi ka makéna campur kode leuwih atra.

Dumasar kana katerangan di luhur, panalungtikan nu judulna “*Campur Kode dina Karangan Pribadi Siswa Kelas VII SMPN 3 Bandung Taun Ajaran 2017/2018*” dilaksanakeun.

## **1.2 Rumusan Masalah**

Sinta Dewi, 2018

**CAMPUR KODE DINA KARANGAN PANGALAMAN PRIBADI SISWA  
KELAS VII SMPN 3 BANDUNG**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sangkan teu lega teuing, ieu panalungtikan diwatesanan maluruh ngeunaan asal kecap, wujud jeung faktor nu nyababkeun ieu campur kode dina karangan pangalaman pribadi siswa Kelas VII SMPN 3 Bandung taun ajaran 2017/2018. Panalungtik ngarumuskeun sababaraha masalah, diantarana ieu di handap.

- a. Asal kecap tina basa naon baé nu nyampuran basa Sunda dina karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII SMPN 3 Bandung taun ajaran 2017/2018?
- b. Kumaha wujud campur kode dina karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII SMPN3 Bandung taun ajaran 2017/2018?
- c. Faktor naon nu nyababkeun ayana campur kode dina karangan pribadi siswa kelas VII SMPN 3 Bandung taun ajaran 2017/2018?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Tujuan sacara umum tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun medar jeung maluruh campur kode dina karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII SMPN 3 Bandung taun ajaran 2017/2018.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Sacara husus ieu panalungtikan, miboga tujuan pikeun mikaweruh jeung ngadéskripsikeun tilu hal, nyaéta:

- a. asal kecap tina basa séjén nu nyampuran basa Sunda dina karangan pribadi siswa kelas VII SMPN 3 Bandung;
- b. wujud campur dina karangan pangalaman pribadi Siswa kelas VII SMPN 3 Bandung taun ajaran 2017/2018; jeung
- c. faktor nu nyababkeun ayana campur kode dina karangan pangalaman pribadi kelas VII SMPN 3 Bandung taun ajaran 2017/2018.

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Ieu panalungtikan miboga mangpaat, dibagi jadi dua nyaéta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

#### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Sinta Dewi, 2018

*CAMPUR KODE DINA KARANGAN PANGALAMAN PRIBADI SISWA  
KELAS VII SMPN 3 BANDUNG*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Mangpaat teoritis nu aya dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngajembaran pangaweruh ngeunaan élmu sosiolinguistik nu maluruh ngeunaan basa jeung kaparigelan ngagunakeun basa dina widang atikan. Salian ti éta, panalungtik bias méré informasi ka masarakat ngeunaan campur kode, ogé dipiharep bisa jadi bahan tinimbangan dina pangajaran basa Sunda ngeunaan karangan pribadi.

### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan, bisa pikeun panalungtik, siswa jeung guru.

- 1) Pikeun panalungtik, bisa nambahan pangalaman jeung ngajembaran pangaweruh dina panalungtikan, hususna pangalaman dina nalungtik campur kode dina karangan pangalaman pribadi.
- 2) Pikeun siswa, dipiharep bisa nambahan pangaweruh sarta informasi ngeunaan nyieun pangalaman pribadi sarta bisa merhatikeun kandaga kecap dina ngagunakeun basa sunda dina wangun tinulis, hususna nyieun pangalaman pribadi.
- 3) Pikeun guru, bisa méré gambaran ngeunaan kamampuh siswa dina ngalarapkeun kandaga kecap basa Sunda, boh kana wangun tinulis, boh kana wangun lisan.

### **1.5 Raraga Tulisan**

Gurat badag dina ieu skripsi kabagi jadi 5 bab, nyaéta nu diwincik saperti ieu di handap.

Bab 1 Bubuka, eusina ngawengku kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, eusina ngawengku ulikan tiori, raraga mikir, jeung anggapan dasar.

Bab III Metode Panalungtikan, eusina ngawengku lokasi jeung sumber data panalungtikan, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan Sinta Dewi, 2018

**CAMPUR KODE DINA KARANGAN PANGALAMAN PRIBADI SISWA  
KELAS VII SMPN 3 BANDUNG**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

operasional, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeunn data, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV Hasil panalungtikan jeung pedaran, eusina ngawengku data campur kode, analisis campur kode jeung déskripsi campur kode.

Bab V Kacindekan jeung saran, eusina mangrupa kacindekan tina hasil panalungtikan jeung saran-saran ngeunaan panalungtikan satuluyna.

Sinta Dewi, 2018

*CAMPUR KODE DINA KARANGAN PANGALAMAN PRIBADI SISWA  
KELAS VII SMPN 3 BANDUNG*

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](https://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](https://perpustakaan.upi.edu)